

Llame al 311 (TTY: 212-504-4115) o visite NYC.gov/oem para obtener acceso a este folleto en español.

Rele 311 (TTY: 212-504-4115) oswa vizite NYC.gov/oem pou jwenn tiliv sa a an Kreyòl.

Звоните 311 (TTY: 212-504-4115) или посетите NYC.gov/oem чтобы получить эту брошюру на русском языке.

한국어로 된 브로셔 입수를 원하시면 311 (TTY: 212-504-4115) 로 전화하시거나 또는 NYC.gov/oem 을 방문하십시오.

請致電 311 (TTY: 212-504-4115) 或訪問 NYC.gov/oem 查看中文版的手冊。

Telefonować pod nr 311 (teletekst dla osób z upośledzeniem słuchu: 212-504-4115) lub wejść na stronę NYC.gov/oem, aby przeczytać broszurę w jęz. polskim.

רופט 311 (TTY: 212-504-4115) או בקרו את NYC.gov/oem באנגלית או בעברית.

## NEW YORK PARE KÒ W INONDASYON



**OEM**  
New York City  
Biwo administrasyon pou sitiyaşyon ijan



Michael R. Bloomberg, majistra  
komisè OEM  
komisè DEP



Savan yo di chanjman nan abitud lameteyo ka fè nou gen pi plis gwo lapli nan New York City. Gwo tanpèt sa yo ka lakòz inondasyon danjere nan lari, ka fè egou bloke epi inonde kay e li ka lakòz gwo pwoblèm medikal ak gwo pwoblèm sou pwopriyete moun. Kwak City a ap eseye byen kontwole tanpèt dlo, moun ki abite nan City a ka pran kèk prekosyon enpòtan pou yo pwoteje tèt yo.

## ANVAN INONDASYON

### SE POU W DETÈMINEN KI DANJE KI GENYEN

Sekyon bò lanmè ki pi ba pase nivo lanmè a san pa bliye premye etaj ak bezant kay gen pi plis chans pou yo gen pwoblèm inondasyon. Pou w detèminen ki danje ki ta gen lakay ou, monte nan [www.floodsmart.gov](http://www.floodsmart.gov).

### BATI YON PLAN

- Bay reprezantan asirans ou, konpayi kote w ap travay la ak tout fanmi w nan nimewo telefòn pou si ta gen yon sitiyaşyon ijan yo antre an kontak ak ou aprè yon inondasyon.
- Kenbe tout dokiman enpòtan, sètadi enfòmasyon sou asirans, papyè machin ak tout resi gwo aparèy menaje, nan yon sache plastik byen fèmen pou dlo pa mouye yo.
- Pare yon Go Bag ak tout bagay w ap bezwen si w gen pou kite kay. Si w bezwen konnen ki sa pou mete nan yon Go Bag, monte nan [NYC.gov/readynyc](http://NYC.gov/readynyc) oubyen rele 311 (TTY : 212-504-4115).

### SE POU ACHTE BON ASIRANS LAN

Domaj inondasyon pa kouvri nan kontra asirans debaz pwopriyete kay. Achte asirans inondasyon pou w pwoteje kay ou.

Li entèdi pou konpayi asirans refize vann ou asirans poutèt adrès kote w rete oubyen poutèt kay la dej agen pwoblèm inondasyon. Se pwogram asirans inondasyon nasyonal (NFIP) gouvènman federal la ki ofri pifò asirans yo e asirans lan kòmanse 30 jou aprè ou achte li.

Pou gen yon lide sou prim ou, oubyen si w vle gen plis enfòmasyon sou asirans inondasyon, monte nan [www.floodsmart.gov](http://www.floodsmart.gov) oubyen rele NFIP nan (888) 379-9531.



## PARE KAY OU

**Lespas ekolojik**  
Pyebwa, plant ak gazon ka ede absòbe dlo lapli. Si posib, plante plant epi eseye pa mete beton kote gen gazon sou pwopriyete kay ou. Monte nan [www.milliontreesnyc.org](http://www.milliontreesnyc.org) oubyen rele 311 (TTY : 212-504-4115) pou w mande yo plante yon pyebwa sou lari lakay ou.

**Tiyo rezèwva dlo**  
Yon tiyo rezèwva dlo ka anpeche egou remonte nan tiyo epi anvayi kay ou lè gen gwo lapli.

Kòd batiman New York City oblije mete tiyo nan anpil nouvo batiman ak nan gwo reparasyon batiman ki fèt. Men se pou yon plonbye diplome fè travay la.

Après enstalasyon an, se pou w tcheke tiyo a detanzantan pou wè si l mache lè w bezwen l.

**Enteriptè diferansyèl (GFI)**  
Si gen yon enteriptè (GFI) sikyi ki konekte nan yon bwat elektrik, l ap ka anpeche gen chòk epi l ka anpeche moun elektwokite pandan yon inondasyon. Se elektrisyen diplome ki pou konekte GFI la.

**NOTE BYEN :** Pou w tcheke si yon plonbye oubyen yon elektrisyen gen yon lisans ajou, monte nan [nyc.gov/buildings](http://nyc.gov/buildings) oubyen rele 311 (TTY : 212-504-4115). Pou nenpòt nan reparasyon sa yo, mande plizyè bevi nan men plizyè moun.

**Pwopriyete ki pi ba pase nivo lari**  
Si gen seksyon nan pwopriyete w lan ki pi ba pase nivo lari a, se pou w reflechi sou estrateji pou anpeche dlo tanpèt la antre nan kay ou, sètadi se pou chanje pant lan, se pou ajoute gazon, oubyen se pou enstale bagay k ap anpeche dlo a antre lakay ou.

## DIMINYE DANJE

Anvan oubyen pandan gwo lapli, retire tout basen nan zòn lan pou ki dlo a antre.

Ranmase tout fèy nan lakou a pou anpeche yo bloke lari ak basen yo. Monte nan [nyc.gov/dsny](http://nyc.gov/dsny) oubyen rele 311 (TTY : 212-504-4115) pou konsèy ak dat sou pwogram gratis ranmase fèy nan City a.



## PANDAN INONDASYON

- Rele 911 tousyit si lavi w oubyen sante w nan danje (ou wè dlo k ap monte rapid e k ap rive sou sistèm elektrik la, oubyen ou bloke, elatriye).
- Rele 311 (TTY : 212-504-4115) si kay ou nan danje (bezment lakay ou oubyen lari lakay ou inonde, dlo egou a ap rantre nan kay ou, elatriye).
- Mete bagay ki pi gen gwo valè, dokiman enpòtan, ak bagay ki gen valè santimantal nan etaj anwo.
- Etenn gaz ak elektrisite nan sikyi prensipal oubyen tiyo prensipal, epi dekonekte tout aparèy elektrik.
- Pa mache epi pa kondyi machin nan lari si gen inondasyon dlo. Sèl grenn sis pous dlo k ap koule ka fè moun tonbe. Sèl yon grenn pye oubyen de pye dlo ka pote machin ale.
- Dlo inondasyon ka kontamine. Pa manyen dlo egou, poutèt li ka danje pou sante w.
- Fè rapò sou tout fil elektrik ki tonbe epi pa kanpe nan dlo inondasyon poutèt kouran elektrik travèse dlo.

**Kesyon :** Èske w ka bwè dlo wobinèt si gen yon inondasyon ?  
**Repons :** Wi. Gen diferan tiyo pou dlo pou bwè ak dlo egou, kidonk pa gen danje pou bwè dlo wobinèt si gen inondasyon oubyen si dlo egou remonte.

**NOTE BYEN :** Pa floche watè a epi pa kite wobinèt koule lè gen gwo lapli poutèt tiyo rezèwva dlo ap anpeche dlo sa a soti deyò lakay ou.



## APRÈ INONDASYON

Si w gen asirans inondasyon, rele reprezantan an tousyit. Fè foto tout domaj lakay ou epi kenbe tou resi pou ranplase oubyen repare bagay yo.

Anvan ou antre nan yon batiman ki gen anpil domaj inondasyon, mande yon achitè oubyen enjenyè wè si pa gen danje.

## NETWAYAJ SAN PWOBLÈM

- Syiye tout seksyon ak bagay san w pa pèdi tan epi trè byen pou w anpech yo mwazi.
- Voye tout rad ak tisi nan dry oubyen lave yo pou dezenfekte yo.
- Sèvi ak savon lesiv epi dlo pou w wete tout kontaminasyon ou wè nan planche, mèb ak lòt sifas.
- Si dlo inondasyon an gen fatra, se pou w pran pi plis prekosyon pou w evite kontak dirèk. Mete gan ak bòt plastik epi lave men w, kò w epi rad ou ak dlo ak savon.
- Se pou w dezenfekte tout sifas ki gen dlo egou ak yon melanj dlo ak klowòks.
- Pou konsèy sou kijan pou anpeche bagay mwazi epi byen netwaye bagay, monte nan [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) oubyen rele 311 (TTY : 212-504-4115).

**ATANSYON :** Pa janm melanje klowòks ak amonyak oubyen nenpòt bagay ki gen amonyak, poutèt li ka pwodyi gaz ki danjere.



## LÒT RESOUS

**Federal Emergency Management Agency (FEMA)**  
[www.fema.gov](http://www.fema.gov), (800) 621-FEMA

• Èd finansyèl, lojman tanporè  
**U.S. Small Business Administration**  
[www.sba.gov](http://www.sba.gov), (800) 659-2955

• Èd lajan pou ede pare kay oubyen travay ou pou yon inondasyon  
• Reparasyon kay, ranplase pwopriyete, relouvri biznis

**U.S. Department of Housing and Urban Development**  
(888) 297-8685

• Èd lajan pou ede pare kay oubyen travay ou pou yon inondasyon  
• Èd pou sezi byen ipotek

**Depatman pwoteksyon anviwònman nan NYC**  
[nyc.gov/dep](http://nyc.gov/dep)

• Sistèm enfòmasyon pou inondasyon, kontwòl dlo tanpèt, egou ak rezèv dlo

**Biwo anplwaye sekou nan NYC**  
[nyc.gov/readyny](http://nyc.gov/readyny), Gid dou louwagan ak New York City

• Preparasyon pou inondasyon ak ijans  
**Depatman ijèn mantal ak sante NYC**  
[nyc.gov/health](http://nyc.gov/health)

• Netwayaj inondasyon, anpeche mwazi  
**Administrasyon resous imèn NYC**  
[nyc.gov/hra](http://nyc.gov/hra), (877) 472-8411

• Èd lajan, lojman, manje nan sitiyoasyon ijan  
**Kwa wouj ameriken nan New York**  
[www.nyredcross.org](http://www.nyredcross.org), (877) 733-2767

• Manje, rad, èd nan lwaye ak medikaman  
**Neighborhood Housing Services of New York City, Inc.**  
[www.nhsnyc.org](http://www.nhsnyc.org), (212) 519-2500

• Prè lajan pou rekonstri kay, sèvis konstriksyon, èd nan ipotèk

## RESOUS NAN ASIRANS

**Depatman asirans leta New York**  
Biwo New York City : [www.ins.state.ny.us](http://www.ins.state.ny.us), (800) 342-3736

**Pwogram asirans inondasyon nasyonal**  
[www.fema.gov/business/nfip](http://www.fema.gov/business/nfip), (800) 427-4661

Pou plis enfòmasyon sou sitiyoasyon ijan nan New York City rele 311 (TTY : 212-504-4115) oubyen monte nan [nyc.gov/readyny](http://nyc.gov/readyny).